ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASÍ
ÁDILLIK MINISTRLIGI
JANÍNDAĞÍ MÁMLEKETLIK
XIZMETLER AGENTLIGI
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
BASQARMASÍ TAQIATAS RAYONÍ
MÁMLEKETLIK XIZMETLER ORAYÍ
DIZIMGE ALINDÍ
"23" 12 2020
№ 201/5

"TAQIYATAS DIYXAN BAZARI"
жуўапкершилиги шекленген жәмийети
шөлкемлестириўшилериң нәўбеттен
тысқары өткерилген 2020-жыл 30-ноябрь
күнги 2-сан баянламасы қарары менен
**«ТАСТЫЙЫҚЛАНҒАН»**

# "TAQIYATAS DIYXAN BAZARI"

## жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң

## у с т а в ы

## 1. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

1.1. Жәмийеттиң толық атамасы: қаракалпақ тилинде: "TAQIYATAS DIYXAN BAZARI" жуўапкершилиги шекленген жәмийети, қыскаша атамасы "TAQIYATAS DIYXAN BAZARI" ЖШЖ.

Өзбек тилинде: «TAQIYATAS DIYXAN BAZARI " масъулияти чекланган жамияти, қысқаша атамасы "TAQIYATAS DIYXAN BAZARI" МЧЖ.

Рус тилинле: Общество с ограниченной ответственностью "TAQIYATAS DIYXAN BAZARI", қысқаша атмасы ООО «TAQIYATAS DIYXAN BAZARI»

1.2.Жәмийеттиң макан жайы: Қарақалпакстан Республикасы Тақыятас қаласы Фарабий көшеси 13 жай.

1.3. "TAQIYATAS DIYXAN BAZARI" жуўапкершилиги шекленген жәмийети уставы (сонында „жәмийет" деп аталады) жәмийет шөлкемлестириўшилериң нәўбеттен тысқары өткерилген 2020-жыл 30-ноябрь кунги 2-сан баянламасы тийкар қайта ислеп шығылди.

1.4.Жәмийет юридикалык тәреп (шахс) болған хуқықына ийе болып, өзин өзи басқаратуғын шөлкемлестириўшилердиң алдында Жәмийет миннетлемелерин тастыйықлайтуғын белгили муғдарда пайларға бөлинген уставлык капиталга ийе субъект болып табылады. Қарақалпақстан хәм Өзбекстан Республикаларының Нызамларына хәм Жәмийет Уставына тийкарланып, меншиклик турлериниң теңлиги хәм басекелик шәртлери орынланғанда, өзиниң меншигинде ямаса толық хожалық ийелигинде болған мулкине тийкарланып өнимлерди ислеп шығарыў, яки сатыў. ямаса алмалстырыў жумысларын ислеп бериў, хызмет корсетиу ис-хәрекетин алып барады.

1.5.Жәмийет, Уставында көрсетилген мақсетлери хәм талапларына жуўап беретуғын, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы нызамларына хәм нормативлик актлерине қайшы кемейтуғын қалеген хожалык ис-хәрекетлерин алып барыўға хақылы.

1.6.Жәмийет өз алдына балансына, банк есап бетине ийе. өзлик салық идентификация нөмерине, аты аталган донгелек мөрине, муйешли таңбасына, эмблемасына хәм товар белгисине ийе.

1.7.Жәмийеттиң, есап бети- 20208000700314269001, Өзсанаатқурылысбанк Тақыятас филиали, МФО 00616, СТИН 200366590

1.8.Жәмийеттиң хәрекет етиў муддети шекленбеген.

## II. ЖӘМИЙЕТ ЖУМЫСЫНЫҢ МАҚСЕТЛЕРИ БАҒДАРЛАРЫ

2.1. Жәмийет хәзирги даўирде керекли хәм орынлы деп табылған. Өзбекстан Республикасы Нызамлары менен қадаған етилмеген ис-хәрекетлердиң қәлеген турлерин өзиниң Уставына киргизиўине хақылы.

2.2.Жәмийеттиң тийкарғы максети пайда алыў болып есапланады.

-Жәмийет ис-хәрекетлериниң тийкарғы ўазыйпалары хәм мақсетлери болып жоқарғы дарежедеги экономикалық нәтийжелерге ерисиў, базар жағдайларының өзгерислерине нәтийжели жуўап бериў менширктиң барлық турлериң теңлиги хәмде басекелик шәртлеринде ашылып атырған кемшиликлерди иске асырыўы болып есапланады.

Жәмийеттиң ўазыйпалары хәм ис-хәрекеттин тийкарғы турлери:

-халыкқа саўда хызметин көрсетиўди жақсылаў хәм де базарды аўыл-хожалык өнимлерин, халык тутыныў өнимлери менен толық тәмийин етип пайда алыў;

-диқханлларға, пухараларға хәм басқада саўда ислеушилерге қолайлы турмыс жағдайларын дузип бериў;

- Финанс хожалық, жумысларын кеңейтиў хәм қосымша пайда алыў максетинде кархана мийнет келисими хәм мийнет хақы төлеў келисим шартнамасы тийкарында төлемли хызмет керсетиў;

- Республика халкынан ет, сут хәм аўыл-хожалық өнимлерин қабыллап алыў, оларды кайта ислеп шығыў хәм сатыў;

- Республика халкынын халық тутыныў товарларына мутәжлерин уйрениў хәм болжаў, болжаў тийкарында карыйдарлар хукыкын корғау хәм хызмет көрсетиў дәрежесин жақсылаў;

- Базарда сатылатуғын азық. аукат, мал шарўашылығы өнимлериниң сыпатын ветеринариялык, лабораториялық кериктен өткизиў;

- өз кушиндеги нызамшылық тийкарында лицензияланатуғын ис ҳәрекетлерди әмелге асырыў ушын мәмлекетлик уйымлардан өзинше лииензиялар алыў:

- Пухараларды хожалықлардың өнимлерин сатыўда жәрдем бериў максетинде реклама жумысларын шөлкемлестириў.

- Пухараларды жатақ жай менен тәмийинлеў, транспорт хызметлерин шөлкемлестириў;

- Аўыл хожалык хәм шарўа өнимлерин жетистириўши жәрдемши хожалықлар шөлкемлестириў;

- Нызамшылық пенен белгиленген диверсификация тәртибинде кәлеген баскада ис-ҳәрекетлерин алып барыў

## III. ЖӘМИЙЕТТИН, ҲУҚЫҚЛАРЫ МЕНЕН МИННЕТЛ ЕРИ.

3.1. Жәмийет хуқықлары:

3.1.1. Өзбекстан Республикасы нызамлы хәмде нормативлик актлери менен көрсетилген тәртипте тийкарлаған өзиниң финанс-хожалық хәм баскада бир ис-ҳәрекетлериниң жобаларын өзинше таярлаў хәм тастыйыклаў.

3.1.2. Юридикалық хәм физикалык тареплер менен сөйлесиўлер өткериў, шартнамаларға, контрактларга келисимлерге кол қойыў, кредитлик, қамсызландырыўлык тапсырмалар менен комиссиялар хәм баскa бир юридикалық актлер тийкарында хәр қыйлы келисимлер өткериў.

3.1.3. Өзбекстан Республикасы аймағында хәм оннан тысқары жерлерде кӨзғалмалы хәм кешпес мулкти сатып алыў, оларды арендага алыс берислер.

3.1.4. Өз кушиндеги нызамшылык тийкарында лииензиялантуғын ис-хәарекетлерди әмелге асырыў ушын мәмлекетлик уйымлардиң өзннше лицензиялар алыў.

3.1.5.Физикалык хәм юридикалық тәреплерге шартнамалар тийкарында өзин материаллык хәм пул каржыларын бериў хәмде сол қаржылары арқасында олардан хожалык, өндирислик, финанс хәм баска бир ис хәрекетлерине қатнасыў.

3.1.6. Өз кушиндеги нызамшылык тийкарында Өзбекстан Республикасы аймағындағы хәм оннан тысқары жерлеринде өзиниң өнимлерин, жумысларын хәм хызметлерин еркин конвертацияланатуғын валютасында өткериу (сатыў).

3.1.7. Өз кушиндеги нызамшылық тийкарында Шөлкемлестириўши сыпатында юридикалық ҳуқықына ийе болған өзиниң, жаңа хожалық структураларды, сынар карханаларды, сырт еллердеги шериклер менен биргеликте қоспа карханаларды, соның менен бирге банклерде есап бетлерин ашыў ҳуқықларына ийе болган өзиниң филиалларын, бөлимлерин хәм де уәкиллерин ашыў, олардың ис-ҳәрекетлерин, ҳуқықларын хәм миннетлери хаққында Режелерин тастыйықлаў.

3.1.8. Ислеўши юридикалық ямаса физикалық тәрептен алынған бир ретлик, арнаўлы ямаса улыўма (генераллык) исеним кағазы (Доверенность) бойынша Өзбекстан Республикасында хәмде оннан тысқары жерлерде баска бир карханаларды, мәкемелерди, шөлкемледи, фирмаларды, юридикалық ямаса физикалық тареплерди, соның менен бирге сырт еллерден де, солардың ўәкили ретинде ис алып барыў.

3.1.9. Өзиниң структурасын, имаратларық өзинше аныклаў хәм өзгертиў, мийнет хакы системаларын, мийнет нәтийжелериниң сыпатын хәм өлшемин экономикалық тәрепинен кошамет марапатлаўларын өзине анықлаў.

3.1.10. Юридикалық тәреп ҳуқықын бермей подрядлық шәртнамалар дузип, илимий-техникалық, дөретиўшилик, өндирислик, коммерциялық. далдалшилик жәмийет бир қанша коллективлерди туракլы ямаса ўақтынша турлери тийкарында ашыў.

3.1.11.Мәмлекетлик хәм жәмийетлик басқарыў уйимлары жәмийет ис-хәрекетлери маселелери бойынша усыныслар бериў хәм оның додаланыўына қатнасыў.

3.2. Жәмийет миннетлери:

3.2.1.Өз кушиндеги нызамшылық тийкарында нормативлик ҳуқықлық актлер хәм Жәмийет тәрепинен дузилген шартнамалар, контрактлер, келисимлерден келип шығатуғын барлық миннетлемелерди орынлаў, еркин басекелик шәртлерине муўапық базар қағыйдаларына бойсыныў.

3.2.2.Пай ийелери арасында табыс дараматларды бөлистириў мәселелеринде мойынға алынған мәжбуриятларды сөзсиз орынлаў.

3.2.3.Өз кушиндеги нызамлар тийкарында Жәмийетке жумысқа алынған хызметкерлерди социаллық қамсызландырыўын иске асырыў, ден-саулығын сақлаў, техника кәўипсизлиги, өртке қарсы қәўипсизлиги, санитариялық гигиена хәм коршап турган тәбиятты корғаў маселелерине байланыелы хожалық ис-хәрекетлеринин шәртлерин орынлаў.

## IV. ПАП ИЙЕЛЕРИНИҢ ҲУҚЫҚЛАРЫ МЕНЕН МИННЕТЛЕРИ

4.1. Жәмийет мулкине қосқан пай өлшемине қарамастан ийелери Жәмийетиниң ис-хәрекетлерин қадағалаў хәм басқарыуда тең ҳуқықларына ийе. Пай ийелери барлык каралып атырган маселелерин шешимин пай ийелеринин ўлыўма жыйналысларында келисиў тийкарында қабыллайды.

4.2.Пай ийелери Жәмийеттиң мулк ийелери болып есапланып, төменде көрсетилген ҳуқықларға ийе:

- Жәмийет пай ийелери реестр дизимине алыў;
- Жәмийет басқарыўына катнасыў;
- Жәмийет пайдасынын бир бөлеги дивиденд туринде алыў;
- Барлық қаралып атырған мәселелерди шешиўге өзине тийисли даўыс ҳуқықына ийе болып пай ийелериниң ўлыўма жыйналысына қатнасыў
- Жәмийет Уставына муўапык Жәмийеттиң финанс-хожалық ис-ҳәрекетлериниң нәтийжери хаккында толық хәм хақыйқат мағлыўматлар алыў;
- қосқан мийнет улеси, пай ийелери санына хәмде муликке қосқан улесине карай Жәмийет ис-хәрекетлери нәтийжесинде алынған пайдасын алыў
- Жәмийетти сапластырыўда Жәмийет мулкиниң бир бөлегин өзиниң пайына карап алыў;
- өз мәплерин қорғаў максетинде ассоциация хәмде басқа бир жәмийетлик шөлкемлерге бирлесиў;
- алдын келисиў менен белгиленген ис хақысын алыў ямаса Жәмийет пайдасын бөлистиргенде өзиниң улесин арттырыў тийкарында Жәмийет жумысына қатнасыў;
- Алдын-ала басқа пай ийелерин хабарландырып, ревизияларды, финанс-хожалық жумысларын аудиторлык тексериўди шөлкемлестириў, бухгалтериялық есап китапларды, төлем тапсырмалары хәм де басқа хужжетлердиң көширмелерин тексериўди Шөлкемлестириў жолы менен Жәмийеттиң жумысын қадағалаў;
- Өзиниң Уставлық қосқан улесин айрып алыў, басқа пай ийелерине сатыў, жәмийет пай ийелери қатарынан шығыў, пай ийелери қосқан улеси, пай ийелери улыўма жыйналысы қарары менен анықланады.

4.3. Пай ийелери миннетлери:

Шөлкемлестириўши шартнамаға ылайық жәмийет Уставлық капиталга өзлериниң улесин қосыў:

Көрсетилген устав хәм шөлкемлестириўши шәртнаманы қағыйдаларын орынлаў:

Коммерциялық сырын сақлаў;

Баска пай ийелериниң рухсатын алмай Жәмийет мулкин өз мәпине ямаса баска бир тыскары мәпине колланбаўлык.

## V. ХОЖАЛЫҚ ИС-ҲӘРЕКЕТЛЕР ТИЙКАРЫ.

5.1. Жәмийет ис хәрекетлериниң финанс нәтийжелериниң тийкарығы улыўмаластырылған көрсетпеси болып - пайда (табыс-дарамат) есапланады.

5.2.Салык хәм баскада шәртли раўиште төлемлерден соң калған Жәмийеттиң пайдасы Жәмийет караўында калады хәмде нызамлык туринде бекитилген тийкарында жағдайларда баска ўақытлары хеш ким тәрепинен алынбайды. Жәмийет пайдасының жумсалыў бағытларын өзи белгилейди.

5.3. Жәмийет хызметлериниң мийнет табыслары олардың жеке мийнет улеси менен жәмийет миннетиниң нәтийжелери есабына муўапық анықланады, салық пенен тәртипленеди хәм максимал өлшемлер менен шекленбейди.

5.4. Жәмийет хызметкерлериниң мийнет хақысының минимал өлшеминиң Өзбекстан Республикасының нызамлық тийкарында жәмийет тарепинен анықланып қойылады.

## VI. ЖӘМИЙЕТ УСТАВЛЫҚ, КАПИТАЛЫ МУЛК ХӘМ ПАЙДАСЫН БӨЛИСТИРИЎ.

6.1. Жәмийет өз баланысында көрсетилген тийкарға фондлар менен айналыстағы қаржылар хәм де баска бир байлыклар, Жәмийет мулки деп белгиленген жәмийет мулкиниң өлшеми менен бахасы шекленбейди.

6.2. Жәмийеттиң Уставлық капиталы шөлкемлестириў шартнамасының режелерине муўапык 4 109 200,00 (төрт миллион бир жуз тоғыз мың еки жуз) сум болып, сатыл алынған акциялар менен толық қосылған материаллық бахалықлар муғдарында қаржылардан ибарат.

6.3.Уставлық капитал салықластырылыўдан азат етиледи.

6.4. Уставлық капиталдың өлшем муғдары пай ийелериниң қарары менен көбейтилиўи яки азайтылыўы мумкин. Уставлық капиталдан улеслериниң муғдарына қосымша улеслердиң тәсири хаққындағы маселелер пай ийелери улыўма жыйналысында шешиледи. Уставлық, капиталдың көбейтилиўи яки азайтылыўы Өзбекстан Республикасы нызам ҳуқықлық актлериниң шеклери менен иске асырылады.

6.5. Жәмийет Уставлық капиталы толығы менен дузилгеннен сон, пай ийелериниң дизимин (реестрин) дузеди хәм пай ийелерине Уставлык капиталға қосқан улесине муўапық тийисли хужжет (сертификат) бериледи. Ол сертификатлар тек пай ийелери арасында бөлистириледи.

6.6. Жәмийет мулкиниң келип шығыў дереклери:

- пай иелериниң баска бир пуллай хәм затлай салынған улес қаржылары;
- ис-хәрекетлерден келип тускен табыс дараматлары;
- қымбат бахалы кағазларды сатыўда келип тускен дараматлар;
- банк хәм баска карыз бериўшилерден алынған қарызлар;
- бюджеттен келип тускен капитал салыныўлар менен дотациялар;
- юридикалық хәм физикалық тәреплерден текин хәм қайыр сахаўатлық төлемлер;
- нызамшылық тәрепинен кадаған етилмеген баска да дереклер.

6.7.Жәмийет пай иелериниң қарары менен өз кушиндеги нызамшылық хәм аталып атырған Уставына муўапық өзиниң мулкин ийелик етиўине, қолланыў хәм хожайынлық етиўине хақылы.

6.8.Жәмийет өндирис хәм социал раўажландырыўының кеңейтиў хәм жетилистириў мақсетинде қосымша қаржыларды келтириў ушын өз кушиндеги Нызамшылыққа муўапық қымбат баҳалы кағазлар (облигациялар) шығарыўына хәм де сатыўға хақылы;

6.9.Пай ийелериниң сертификатларын қайтып сатып алыў ушын хәм келген зыянларды тиклеў ушын Жәмийет Резерв корын дузеди. Резерв коры Уставлык капиталдың 20% нен ибарат. Сол дәрежеге жеткенше Жәмийет

өзиниң сап пайдасынан 5% муғдарға шекем қаржыларды ҳәр жылы Резерв қорына еткизип турады. Резерв қоры уставда жоқарыда айтылған мақсетлерге ғана жумсалыўы тийис.

6.10.Жәмийеттиң тапқан пайдасы материаллық шығынларға, салық ҳәм басқада шәртли турдеги төлемлерге, реинвестицияларды иске асырыўға ҳәмде Жәмийет хызметкерлериниң ис хақысын төлеўлерге жумсалады. Соннан аўысқан пайда Жәмийеттиң нақ пайдасы болып анықланады ҳәм ол пай ийелерине тийисли болған улеслерге пропорционал турде дивидендлер төлеў ушын сарп етиледи.

6.11.Дивиденд бөлистирилиўи жылына 1 рет яки жыл нәтийжелери бойынша жылына 2 рет (аралық дивидендлер) болады, оның өлшемлерин пай ийелериниң улыўма жыйналысы анықлайды.

## VII. ЖӘМИЙЕТ БАСҚАРЫЎ УЙЫМЛАРЫ.

7.1.Жәмийетти басқарыў „Жуўапкершилиги шекленген ҳәм қосымша жуўапкершиликли жәмийетлери ҳаққында"ғы 6-декабрь 2001 жылы Өзбекстан Республикасы нызамы ҳәм усы устав шеңберинде әмелге асырылады. Жәмийетти басқарыўшы жоқарғы уйым-пай ийелериниң Улыўма жыйналысы, Бақлаў кеңеси ҳәм Атқарыў уйымы Басқарма әмелге асырады.

7.2.Пай ийелериниң улыўма жыйналысы, барлық пай ийелериниң ямаса олардың уәкиллериниң толық қатнасыўында ғана өткериледи.

7.3.Пай ийелериниң улыўма жыйналысының шешими, сол жыйналыста барлық Пай ийелериниң көпшилик дауысы берилгенде ғана қабылланған деп есапланады.

7.4.Пай ийелериниң улыўма жыйналысының путкиллей уәкиллигине төмендегилер киреди:

*Жәмийет Уставына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ямаса жана редакциядағы Уставты тастыйықлаў;

*Жәмийетти қайта шөлкемлестириў, сапластырыў, сапластырыў комиссиясын тайынлаў ҳәмде аралық ҳәм ақырғы сапластырыў баланысларын тастыйықлаў;

* Жәмийеттиң Уставлық қорын көбейтиў ҳәм азайтыў;

* Жәмийет бақлаў кеңеси ағзаларын сайлаў ҳәм- муддетинен бурын тоқтатыў:

* басқарма баслығын ҳәм агзаларын тайынлаў, олардың уакиллерин муддетинен тоқтатыў,

* Жәмийет тексериў комиссиясының баслығын ҳәм ағзаларын сайлаў ҳәм бурын тоқтатыў;

*Жәмийиеттиң жыллық есабатларын, бухгалтерия баланcларын, пайда ҳәм зыянлар тастыйықлаў, оның пайда ҳәм зыянларын бөлистириў;

Нызамлықта нәзерде тутылған басқа маселелерди шешиў;

7.5. Пай ийелери ҳәр жыллық улыўма жыйналысын өткерыў ҳаққында пай ийелерине хабарлаў муддети 30 кун. Пай ийелери ҳәр жыллық Улыўма жыйналысы финанс жылы тамам болғаннан кейин 6 ай ишинде өткерилиўи тийис.

7.6. Пай ийелериниң улыўма жыйналысын шақырыў ҳәм оның менен байланыслы мәселелерин шешиў Бақлаў кеңеси ағзаларына жукленген.

7.7.Пай ийелериниң жыйналысы Жәмийеттиң ис-ҳәрекетлерине байланыслы басқа бир маселелерди көрип шығыўына ҳақылы.

Жәмийеттиң пай ийелериниң улыўма жыйналысында Бақлаў кеңеси қурамын оның қурамын, ағзалар санын пай ийелериниң Улыўма жыйналысы тастыйықлайды.

7.8.Жәмийеттиң бақлаў кеңеси ўазыйпаларына жәмийеттиң атқарыў уйымын дузиў, олардың муддетинен алдын тоқтатыў ҳәм жәмийеттиң пай ийелериниң, улыўма жыйналысында тастыйықланатуғын Бақлаў кеңеси ҳаққында режеге ҳәмде нызам талапларына муўапық белгиленеди.

7.9.Пай ийелеринин арасында сондай-ак, оннан тысқары сайланатуғын Басқарма Жәмитийеттиң Атқарыў уйымы болып табылады.

7.10. Басқарма Жәмийеттиң кунделикли жумысына басшылық жумысын алып барады.

7.11. Басқарма баслығы:

• Жәмийет пай иелеринин арасынан ямаса пай ийелери емес сырт тәрепинен пай ийелериниң улыўма жыйналысында тайынланады;

-жәмийет ис-ҳәрекетлеринде нызамшылықты сақлайды;

-Жәмийет атынан исеним қағазсыз жумыс алып барады хәм баска мекемелер, шөлкемлер, кеңселер, жеке пуқаралар менен Жәмийет атынан байланыс жасайды;

-Пай ийелери Улыўма жыйналысына жыл есабы менен баланысы бойынша береди;

• тастыйыкланган смета аралығында (нақ ҳәм нақсыз турде) Жәмийеттиң мулки хәм пул қаржылары менен ис алып барады;

• Банкларда есапласыў хәм басқада бир есап бетлерин ашады;

• Пай ийелериниң алдында Жәмийеттиң мулки хәм пул қаржыларының хәрекетлери ҳаққында есап береди;

• хызметкерлерди жумысқа алыў мәселелерин өзлигинше шешеди;

•шартнамалар дузеди;

• барлық хызметкерлерге шәртли раўиште орынланатуғын буйрық-уйғарыўларды шығарады;

• Нызам хужжетлеринде нәзерде тутылған басқада мәселелерди шешеди.

7.12. Тексериў комиссиясы.

- Жәмийеттиң финанс-хожалық жумысын кадағалаў ушын пай ийелериниң улыўма Тексериў комиссиясын сақлайды, оның қурамын, ағзалар санын пай ийёлериниң Улыўма жыйналыс тастыйықлайды.

7.13.Тексериў комиссиясы баслығының ҳәм ағзаларының ўәкилликлери:

- Жәмийетти басқарыў, Шөлкемлестириўши уйымларында лаўазымлы орын алыў ҳуқуқына ийе емес;

-Тексериў комиссиясы ўәкилликлери ҳаққында паи ийелериниң улыўма жыйналысында тийисли Реже дузип шығады;

* Пай ийелериниң улыўма жыйналысы тәрепинен жукленген ўазыйпаларға ылайықтапсырмалары арқасында өз жумысларын алып барады хәм нызам хужжетлеринде нәзерде тутылған басқада маселелерди шешеди.

7.14.Пай ийелериниң Улыўма жыйналысының, Бақлаў кеңеси хәм Баскарманың жумыс тәртиби, ҳуқуқлары хәм миннетлери, сондай-ақ олар тәрепинен шешимлер қабыл етиў тәртиби пай ийелериниң улыўма жыйналысында тастыйықланатуғын көрсетилген ҳаққындағы режелер менен белгиленеди.

## VIII. ЖӘМИЙЕТТИҢ, МИЙНЕТ ҚАТНАСЫҚЛАРЫ.

8.1. Алдына қойылған мақсет пенен ўазыйпаларға жетисиў, өзиниң финанс ис-ҳәрекетлерин әмелге асырыў ушын Жәмийет Өзбекстан Республикасы пуқаралары менен сырт ел пуқараларын жеткиликли шеклерде жумысқа тартыў мумкин.

8.2. Жумысқа алыў контрактлар тийкарында әмелге асырылады. Жумысқа алынған пуқаралар Өзбекстан Республикасы Нызамына бойсынады.

8.3. Жәмийет жумысында ислеп атырған пуқараларға Өзбекстан Республикасында өз кушиндеги нызамшылық жағынан қамсызландырыўдың социал хәмде басқада турлери тийисли.

8.4. Жәмийет мийнет хақының төлеў формаларының, соның менен бирге басқа табыс дараматларын хызметкерлер арасында бөлистириўин штат кестесин өзлигинше қояды.

8.5.Мийнет тәртиби менен мазмуны, мийнет ҳақы төлемлери, жеке контрактлар, Жәмийеттиң ишки тәртип қағыйдалары менен анықланады.

8.6.Жәмийет хызметкерлери ушын жеңилликлестириўлери менен өзгешеликлерин жәмийет пай ийелериниң улыўма жыйналысы тәрепинен анықланады.

8.7.Жәмийет пенен хызметкерлери арасындағы тартыслар өз кушиндеги нызамшылық тийкарында шешилиўи тийис.

## IX. ЕСАПҚА АЛЫЎ, ЕСАП БЕРЫЎ ҲӘМ ЖУЎАПКЕРШИЛИК.

9.1. Жәмийет өз жумысының нәтийжелерин оперативлик ҳәм бухгалтериялық есапқа алыўды әмелге асырады, ҳукимет статистика уйымлары жағынан көрсетилген статистикалық формаларға муўапық статистикалық есап береди, сол есапларды Өз алдына тийисли шөлкемлерге берип барады.

9.2.Есап бериўдиң барлық турлерин жәмийет пай ийелериниң улыўма жыйналысында тастыйыклайды.

9.3.Шартнама миннетлерин, кредит есап ҳәм салық тәртиплерин, өнимдарлық көрсетилген талапларды, ис хәрекетлериниң иске асырыў қағыйдаларын ушын жәмийет, өзлигиндеги баланста көрсетилген барлық мулки менен жуўап береди.

## X. ЖӘМИЙЕТ УСТАВЫНЫҢ ӨЗГЕРИЎИ ҲӘМ ҚОСЫМШАЛАРЫ.

10.1.Жәмийет пай иелериниң 10% тен кем болмаған ағзалары басламасы бойынша көрсетилген Уставқа өзгешеликлер менен қосымшалар киргизиўине ҳақылы.

10.2.Уставтың қосымшалары менен өзгешеликлери пай иелериниң улыўма жыйналысында тастыйықланыўы шәрт, өз кушиндеги нызамшылыққа тийкарланып, қарары менен мәмлекетлик есаптан өтиўи тийис, қабылланған қарар кейин қайта кушине ийе емес.

## XI. ЖӘМИЙЕТ ИС ҲӘРЕКЕТЛЕРИНИҢ ТОҚТАТЫЛЫЎЫ.

11.1. Жәмийеттиң ис хәрекети тоқтатылады:

- пай ийелеринин улыума жыйналыс қарары менен
- суд қарары тийкарында.

11.2. Жәмийеттиң ис-хәрекетлери тоқтатылыўы қайтадан шөлкемлестириў ямаса жолы менен өткериледи.

11.3. Жаммийеттиң сапластырыўын пай ийелериниң улыўма жыйналысы тастыйықлаған сапластырыў комиссиясы өткизеди. Жәмийетти баска бир уйым қарары менен салластырылыўы жағдайында сапластырыў комиссиясының қурамын сол уйым бекитеди.

11.4. Сапластырыў комиссиясы тастыйықланған ўақыттан баслап Жәмийет жумысларын баскарыў ўазыйпалары сол комиссияга отеди. Сапластырыў комиссиясы жәмийеттиң барлық бар мулкиниң баҳасын шығарады. Оньң дебиторлары менен кредиторларын анықлап, солар менен есап-китап жургизеди. Жәмийеттиң баска бир тареплердиң ҳәм хызметкерлердиң алдында қарызларын төлеў илажларын иске асырады.

11.5.Барлық кредиторлар алдындағы қарызларды төлеп болғаннан сон, қалган щш Жәмийет пай ийелери арасында. олардың муликке қосқан улесине қарап пропорционал турде бөлистириледи.

11.6.Барлық талаплар жәмийеттиң жабылыўы хаққында дағаза ғалаба хабар қуралларында жарияланғаннан кейин бир ай даўамында қабылланады.

11.7.Мәмлекетлик есапқа алыў уйымының мәмлекетлик реестрге Жәмийеттиң ис-тоқтатылғаны ҳаққында тийисли жазыўлар киргизилгеннен кейин Жәмийеттиң сапластырылыўы толық тамамланған деп есапланады.

11.8.Өзбекстан Республикасының өз кушиндеги нызамшылығы бойынша пай ийелери ҳәмде жәмийет шериклерине сапластырыў комиссиясы тәрепинен зәлел сол комиссияның мулклик жуўапкершилигине ийе.

## XII. ЖУЎМАҚЛАСТЫРЫЎШЫ РЕЖЕЛЕР

12.1.Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикаларының өз кушиндеги нызамлары тийкарында жәмийет хәм оның пай ийелериниң ҳуқықлары менен нызамлы мәплериниң сақланыўына кепилликлер (гарантия) береди.

**Жәмийет шөлкемлестириўшилериниң дизими хәм қол таңбалары:**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Атаджанов К | |
| 2 | Бабаджанов Б | |
| 3 | Раджапов Е | |
| 4 | Уразимбетов К | |
| 5 | Уразимбетова Г | |
| 6 | Тлеубаев Ю | |
| 7 | Мередова И | |
| 8 | Файзуллаев И | |
| 9 | Утемуратов Ж | |
| 10 | Танирбергенова З | |
| 11 | Fayzullayev Zaripbay XXX | |
| 12 | Таджиева К | |
| 13 | Ещпанова Ш | |
| 14 | Арипов А | |
| 15 | Нурпеисова К. | |
| 16 | Атаджанов Ю. | |
| 17 | Реимова Г | |
| 18 | Казакова Р | |
| 19 | Абдуллаева З | |
| 20 | Isakova Aziza Abdullayevna | |
| | Тақыятас районы ҳәкимлиги ўәкили | |
| 21 | Аманов Абдирашид Пердебаевич | |